Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7407)
6 февраль 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Терроризм

## Комиссиялъул данделъи



Данделъиялда ракІараразе саламги кьун ГІ. НурмухІамадовас данде росана «Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чІараб комиссиялъул 2019 соналъул хІасилал. Гьесул рагІабазда рекъон терроризмалде-экстремизмалде дандечІеялъул комиссиялъ гьеб нахъегІанаб ишалде гІадамал риччангутІиялъе гІемерал тадбирал гьаруна. ЛъикІаб къимат кьуна бетІерас терроризмалде данде чІараб комиссиялъул аппараталъ гьабураб хІалтІуе.

Гьелдаго цадахъ ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна районалъул хІинкъи гьечІолъи цІунизе кколел гІадамаз кидагосеб кІвар кьезе кколин гьеб ишалде,- абун. ЦІодорлъиялда хІалтІулаго гьеб рахъ кидаго берзукь чІезабизе ахІана гьес жавабиял ва цІи бачІараб соналда гьеб рахъалъ гІемераб хІалтІи гьабизе кколин бихьизабуна. АТКялъул хІалтІул бугеб кІваралъулги бицунаго гьес тІадчІей гьабуна «Жакъасеб терроризмалде данде чІеялъул рахъалъ гьабулеб хІалтІи нилъер районалда рикІкІунеб буго лъикІаблъун. БакІалъулаб самоуправлениялъ, ихтияр цІуниялъул органаз, диниял, общественниял гІуцІабаз цадахъ рекъон гьабураб хІалтІиялъ лъугІизабуна районалъул гІадамазе букІараб хІинкъи, гІодобе биччараб хІал лъугьана районалда. 2019 соналда гьеб ишалда хурхун гьабулеб хІалтІул план тІубана гІиси-бикьинал гІунгутІаби ругониги».

Хадуб къабул гьабуна терроризмалде данде чІараб комиссиялъе 2020 соналъе гьабураб план.

4 февраль - имам Шамил хвараб къо

## КІудияв имам ракІалде щвеялъе



4 февраль нилъер районалъе ккола хасаблъун. Гьеб пашманаб къоялъ нилъедаса ватІалъана Дагъистаналъулги Чачаназулги имам – цІар рагІарав Шамил. Гьеб къоялъ Шамильхъала поселокалда букІана имам Шамил ракІалде щвеялъул тадбир. Гьенир гІахьалъана Гумбет районалъул бетІер ХІ-М. МухІамадов, имам Шамилил цІаралда бугеб фондалъул Президент ГІ. Хархачаев, тарихиял гІелмабазул доктор, профессор З. Нахибашев ва цогидалги хІурматиял гІадамал.

Тадбир байбихьана имам Шамилил хІакъалъулъ бахъараб документалияб фильмалдасан. ГІахьаллъаразе саламги кьун кІалъазе вахъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов: «Гьанжеялдаса 149 соналъ цебе нилъедаса ватІалъана районалъул, Дагъистаналъул, Кавказалъул ва тІолабго исламияб дунялалъулго цІар рагІарав цевехъан, шайих, гІалимчи, политик, нилъеца мисал босизе мустахІикъав миллияв бахІарчи имам Шамил.

Шамил цІар рагІарав вукІиналъул нилъее бицуна историказ, политиказ, гІалимзабаз ва гьединго гІадатиял гІадамаз. Жакъа, гьаб пашманаб къоялъ бокьун буго цойги нухалда ракІалде щвезавизе гьев, гьес жакъасеб гІелалъе нахъва тараб кІудияб ишалъул.

Шамилил тарихалъ нилъеда бицунеб буго киданиги кватІун букІунареблъи цо пикруялде рачІине, хІатта бищунго къуватав дандиявгунцин. Халат бахъараб заманаялъ пачаясул армиягун вагъарав Шамилица ахиралдаги тІаса бищана рекъел ва ахІана нилъ кидаго Россиягун цадахъ ракълилаб гІумроялда рукІине. Гьелъие гІолого бараб буго «АхІулгохІ» мемориалияб комплексги.

Церехун ине ва церетІезе ккани нилъеда лъазе ккола нилъерго тарих. РакІалде щвезе ккола нилъеда рагъал, рагъулъ хварал бахІарзал, гьезул мисалалдалъун цІунизе ккола рекъел»,-ян абуна муниципалитеталъул бетІерас.

Имам Шамилил цІаралда бугеб фондалъ гьабулеб бугеб хІалтІул бицана ГІ. Хархачевас ва З. Нахибашевас. Гьелдаса хадуб Хархачевас Шамил ракІалде щвеялъе гьабураб хІалтІухъ баркалаялъул кагъат кьуна районалъул бетІерасе. Гьединго Фондалъул рахъалдасан гІолеб гІелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе ва халкъазда гьоркьоб рекъел щула гьабиялъе гІоло ХІурматалъул грамотаби кьуна А. ГъазимухІамадовасе, ХІ. ДарбишхІажиевасе, М. ХІайбулаевасе, Гъ. ГІабдулаевасе, С. ГІалиевасе, Р. Хасбулатовалъе, М-С. ГІабдулаевасе, М. СултІановалъе, ГІ. ГІабдулаевасе ва А. ГІабдулаевалъе.

КІалъазе вахъана Гумбет районалъул бетІер ХІ-М. МухІамадов: «ГІакъилав политик вук1ана Шамил, киданиги гьес нилъее тарал дарсазул магІна хвеларо»,-ян абуна гьес.

Данделъараздехун гьабулеб жиндирго хитІабалда гьадин абуна районалъул имам Гъ. Абакаровас: «Нилъеда лъазе ккола имамзаби Шамилил ва ГъазимухІамадил тарих нилъецаго гьездаса мисал босизе»,- абун.

БукІана Генуб СОШалъул цІалдохъабазул церерахъинги. Данделъи лъугІана цадахъаб дугІа гьабиялдалъун.

## «АхІулгохІда» - мажлис

3 февралалда «АхІулгохІ» мемориалияб комплексалда букІана имам Шамил ракІалде щвезавиялъул мажлис. Гьенир гІахьаллъана районалъул администрациялъул вакилзаби; М. ХІамзатов, М. ХІайбулаев, росабазул имамал, ГІашилтІа ва Балахьуни росабазул бутІрул ва цогидалги.

Мажлис рагьана районалъул имам Гъ-М. Абакаровас. Гьенир кІалъазе рахъана Унсоколо, Балахьуни, ЧІиркъатІа росабазул имамал. Жиндирго кІалъаялда мастер-искусствовед ХІ. ХІажиевас бицана Кавкзалъул БахІарчи, цІар арав полководец имам Шамилил ккарал цо-цо лъугьа-бахъиназул, Мемориалияб комплексалъул директор С-М. ГІалиевас АхІулгохІалъул рагъул чІванкъотІарал ракІалде щвеязул. ГІашилтІа росдал бетІер ХІ. МухІамадовас баркала загьир гьабуна тадбиралъулъ жигараб гІахьаллъи гьабуразе. Районалъул бетІерасул цІаралдасан тадбиралда гІахьаллъаразе баркала загьир гьабурал рагІаби абун кІалъана М. ХІамзатов. Гьес жиндирго кІалъаялда тІадчІей гьабуна гьадин: «КигІанго пашманаб тадбир бугониги цоги нухалъ ракІалде щвезавизе бокьун буго Дагъистаналъулги Чачаназулги тІадегІанав имам. Унсоколо районалъ, имамасул ВатІан хІисабалда кІудияб бакІ ккола гьеб тарихалъулъ. Гьеб даимгоялъе ракІазулъ цІунизеги буго нилъеца».

Зикру бачиналдалъун лъугІана хирияб ракьалда тІобитІараб тадбир.



# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН,
# Собрание депутатов муниципального района

**368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт Шамилькала тел 55-62-87**

## РЕШЕНИЕ
## О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2019 год и плановый период 2020-2021 гг.» от 27 февраля 2019 года №96

**Принято Собранием депутатов муниципального района**
**от «30» декабря 2019 г. №_34_**

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2019 год» от 25 декабря 2018 года №93, с изменениями внесенными Законом РД от 05 ноября 2019 года №92, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год

**Собрание депутатов муниципального района РЕШАЕТ:**

**Внести изменения и изложить в следующей редакции:**

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 г.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 г.:

1.1 прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год в сумме 830154,76 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского и федерального бюджета, в сумме 741704,25 тыс. руб., рублей, в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и распределению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района – 51295,0 тыс. руб.; внебюджетных средств от денежных пожертвований 2280,0 тыс. рублей;

1.2 общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год в сумме 875194,65 тыс. руб.;

1.3 верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2019 года в сумме 0 руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

1.4 предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга за 2019 год – 11,5 тыс. рублей;

1.5 дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 20339,885 тыс. рублей.

4. Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

**Статья 4. Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2019 год.**

1. Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2019 год – 7122,3 тыс.рублей.

2. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2019 год согласно приложению №7 к настоящему Решению.

3. Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей 1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2019 г. согласно приложению № 9 к настоящему Решению.

4. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2019 год согласно приложению №25 и 26 к настоящему Решению.

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,7,9,11,13,22,25,26 к настоящему решению, в том числе:

а) Средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 63047,1 тыс. рублей, в том числе:

- Средства дотации из резервного фонда Республики Дагестан на повышение оплаты труда в сумме 2256,7 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на оплату труда педагогических работников учреждений дополнительного образования в целях достижения по итогам 2019 года целевых показателей оплаты труда, установленных указами Президента Российской Федерации от 7 мая 2012 г. №597, от 1 июня 2012г. №761 и от 28 декабря 2012г. №1688 следующим учреждениям:
  - МКУ ДО «РЦДОД» в сумме 230,2 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «ДДТ пос. Шамилькала» в сумме 182,5 тыс. рубля;
  - МКУ ДО «ДДТ с. Гимры» в сумме 39,1 тыс. рубля;
  - МКУ ДО «ЦДОД пос. Шамилькала» в сумме 319,7 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «ДЮСШ с. Унцукуль» в сумме 167,6 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «ДЮСШ с. Гимры» в сумме 373,6 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «ДЮСШ с.Балахани» в сумме 271,6 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «Школа искусств» в сумме 330,0 тыс. рублей;
  - МКУ ДО «СДЮТиЭ» в сумме 342,4 тыс рублей.
- Средства дотации из резервного фонда Республики Дагестан на повышение оплаты труда в сумме 23,3 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на оплату труда работников учреждений культуры в целях достижения по итогам 2019 года целевых показателей оплаты труда, установленных указами Президента Российской Федерации от 7 мая 2012 г. №597, от 1 июня 2012г. №761 и от 28 декабря 2012г. №1688, а именно МКУ Отдел культуры МО «Унцукульский район».
- Средства субвенции из резервного фонда Республики Дагестан в сумме 2060,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на реализацию основных общеобразовательных программ Госстандарт садики на оплату труда педагогических работников дошкольного образования в целях достижения по итогам 2019 года целевых показателей оплаты труда, установленных указами Президента Российской Федерации от 7 мая 2012 г. №597, от 1 июня 2012г. №761 и от 28 декабря 2012г. №1688 следующим учреждениям:
  - МКДОУ «Детский сад № 3 Фиалка» в сумме 194,4 тыс рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 4 Теремок» в сумме 417,7 тыс. рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 5 Соколенок» в сумме 287,0 тыс. рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 6 Звездочка» в сумме 76,5 тыс. рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 7 Улыбка» в сумме 114,0 тыс. рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 8 Солнышко» в сумме 36,9 тыс.рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 9 Сказка» в сумме 338,2 тыс.рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 10 Снежинка» в сумме 148,7 тыс.рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 11 Сосна» в сумме 245,4 тыс рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 12 Чебурашка» в сумме 23,8 тыс рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 13 Колобок» в сумме 177,3 тыс. рублей.
- Средства субвенции в сумме 306,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также вознаграждение причитающееся приемному родителю.
- Средства субвенции в сумме 101,1 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на выплату единовременных пособий при устройстве детей в семью.
- Иные межбюджетные трансферты из республиканского бюджета РД в сумме 58300,0 тысяч рублей направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на финансовое обеспечение расходов по возмещению вреда, причиненного при пресечении в период с 8 марта по 26 ноября 2014 года правомерными действиями террористического акта на территории с.Гимры Унцукульского района Республики Дагестан, в том числе:

55300,0 тыс.рублей – на оказание гражданам финансовой помощи в связи с полной утратой ими имущества первой необходимости с распределением согласно приложению №1 к Распоряжению Правительства РД №364-р от 11.12.2019г.

3000,0 тыс.рублей – на оказание гражданам финансовой помощи в связи с частичной утратой ими имущества первой необходимости с распределением согласно приложению №1 к Распоряжению Правительства РД №364-р от 11.12.2019г.

б) Средства субвенции на компенсацию части родительской платы за содержание детей в дошкольных образовательных учреждениях уменьшены Министерством образования и науки РД на сумму 413,0 тыс. рублей, из них:
  - МКДОУ «Детский сад № 1 Ромашка» в сумме 97,36 тыс рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 2 Ласточка» в сумме 101,36 тыс. рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 8 Солнышко» в сумме 45,88 тыс.рублей;
  - МКДОУ «Детский сад № 9 Сказка» в сумме 168,4 тыс.рублей.

в) Внебюджетные средства от денежных пожертвований меценатов в сумме 519,084 тыс.рублей уменьшит в ЛБО Администрации МО «Унцукульский район» на софинансирование расходных обязательств для завершения работ по строительству футбольного поля в с.Унцукуль.

5. Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

**Статья 7. Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».**

1. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2019 г. согласно приложению №3 к настоящему Решению.

2. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2019 г. согласно приложению № 11 к настоящему Решению.

**Статья 11. Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**Глава муниципального района И. Нурмагомедов**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 6 (7407)
Хамиз
6 февраль 2020 сон



**Садовод**
Страница в номере



**Приложение 22**
О внесении изменений в Решение Собрания депутатов
МО «Унцукульский район» «О бюджете МО «Унцукульский район»
на 2019г. и плановый период 2020-21гг.» от 27 февраля 2019 г. №96
**от _30_ декабря 2019 г. №34**

# Баланс
# финансовых ресурсов МО «Унцукульский район» на 2019 год

*(Тыс. рублей)*

| № п/п | Доходы бюджета | сумма | | Расходы бюджета | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Налоговые доходы | 86248,594 | 1 | Расходы бюджета | |
| | - НДФЛ | 64894,55 | | 0100 | 31906,00 |
| | - Акцизы (ГСМ) | 13596,9 | | 0200 | 1611,0 |
| | - УСНО | 6628,244 | | 0300 | 61602,57 |
| | - ЕНВД | 676,0 | | 0400 | 38560,89 |
| | - ЕСХН | 108,9 | | 0500 | 34563,36 |
| | - госпошлина | 344,0 | | 0700 | 599370,61 |
| 2 | Неналоговые доходы | 2721 | | 0800 | 31052,61 |
| 3 | Безвозмездные поступления | 741185,171 | | 1000 | 13831,94 |
| | - Дотация | 161200,3 | | 1100 | 7131,09 |
| | - субсидии | 20798,529 | | 1200 | 3274,79 |
| | - субвенция | 498606,342 | | 1300 | 11,50 |
| | - иные межбюджетные трансферты | 58300,0 | | 1400 | 52278,30 |
| | - прочие безвозмездные поступления | 2280,000 | | | |
| | ИТОГО ДОХОДОВ | 830154,765 | | ИТОГО РАСХОДОВ | 875194,650 |
| 4 | Источники финансирования децицита бюджета | -45039,885 | | | 0 |
| | Получение кредитов от других бюджетов бюджетной системы РФ | 24700 | | | |
| | Изменения остатков | -20339,885 | | | 0 |

## В Унцукульском районе идёт операция «Оружие-выкуп»



**УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА!**

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 19 апреля 2018 года № 33 «О внесении изменений в постановление Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 года № 184» с 1 февраля по 31 декабря 2020 года на территории Казбековского района проводится операция «Оружие -выкуп» по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

**РАЗМЕРЫ ДЕНЕЖНОГО ВОЗНАГРАЖДЕНИЯ:**

1. Пистолет или револьвер, подствольный гранатомёт, ручной противотанковый гранатомет, пистолет-пулемет - 30 000 рублей.
2. Автомат, винтовка СВД– 40 000 рублей.
3. Пулемет, одноразовый гранатомет или огнемет - 50 000 рублей.
4. Винтовка Мосина– 10 000 рублей.
5. Охотничье гладкоствольное ружье – 3000 рублей,
6. Пистолет или револьвер кустарного производства, взрывное устройство (ВВ и СВ) штатный боеприпас выстрел к артиллерийскому вооружению, выстрел к РПГ - 2000 р.
7. Газовые пистолеты и револьверы, мина– 1000 рублей.
8. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам, ручная граната – 1500 р.
9. Средство взрывания: детонаторы, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр – 200 р.
10. Самодельное стреляющее устройство – 500 р.
11. Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию – 10 р.
12. ВВ: тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. за 1 грамм– 5 .

Для добровольной сдачи нужно обратиться в дежурную часть ОМВД России по Казбековскому району, где будут принимать оружие. Напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством лица, добровольно сдавшие огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества от уголовной ответственности освобождается.

**ОМВД России по Унцукульскому району**

## Извещение о возможности получения страхового возмещения

Сообщаем Вам о том, что в связи со смертью кормильца в ДТП, а при отсутствии таковых супруг, родители, дети потерпевшего имеют право на получение выплаты страхового возмещения в размере 500 000 руб., из которых возмещение расходов на погребение составляет 25 000 руб.

В случае если ДТП произошло до 1 мая 2019 года, то для пассажира положена страховая выплата с каждого автомобиля в размере 500 000 руб, то есть если 2 машины участвовали в ДТП, то это 1 000 000 руб, если 3 автомобиля 1 500 000 руб.

Единственным условием в получении компенсационной выплаты является отсутствие вины в совершении ДТП, т.е. выплаты могут получить все пассажиры во всех автомобилях, участвовавших в ДТП. Для бесплатной пошаговой консультации с указанием необходимых для этого документов по получению указанных компенсаций в кратчайшие сроки Вам следует обращаться по тел. +7-905-26-74-777.

Пострадавший благодаря своевременной информации получит реальную помощь в течении20 календарных дней. Срок давности обращения за страховой выплатой не позднее 3 лет с момента ДТП. Также вы можете обратиться за консультацией, если первоначальную выплату получили самостоятельно, но Вам ее произвели только один раз. Повторяем-выплата должна осуществляться два раза по 500 000 руб.по количеству транспортных средств.

Обращаем Ваше внимание, что выплата положена в том числе и при отсутствии полиса ОСАГО у виновника ДТП.

**С уважением Сулейман!**
**Instagram: @avtoyurist_asf**

# ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабиялде



Араб анкьалда райадминистрациялда тIобитIана ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьеб бачана бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас, гIахьаллъана районалъул статуправлениялъул нач. С. СагIадулаев ва росабазул бутIрул.

Гьес гIахьаллъаразда бичIчIизабуна цебе бугеб ТIолгороссиялъул халкъазул хъвай-хъвагIай гьабиялъе гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ. ТIадчIей гьабуна гьаб соналда тIобитIулеб хъвай-хъвагIай ине бугин планщетнияб компьютералъул кумекалдалъун, гьединго тIоритIизе ругин щибаб рокъоре щвей,-абун. «Бищунго кIвар бугеб ва захIматаб хIалтIи гьелде хIадурлъиялъул букIине буго цIиял рукъзабахъ ругел гIадамазул сияхIал гьари ва картографическияб материал бакIари. ГIемераб хIалтIи гьабизе ккола хъвай-хъвагIаялда хIадурлъиялда бан, росабазул бутIруз рукIалиде ккезабизе ккола перечень киналго минабазул бугеб хIалалда хурхун. Гьеб хIажалъула гIадамазул рукъзабазул адресал хIакъикъиял рукIине, гьелъие гIоло хIалтIи гIуцIизе ккола цIодорго,-ян бихьизабуна гьес.

ГI-М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна къо къаб заманалда данделъи ахIизе бугин 2020 соналда тIобитIизе бугеб ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабиялъул суал гьоркьоб лъун, киналго жавабиял гIадамал ва росабазул бутIрулги гьорлъ гIахьал гьарун,-абун.

Гьоболлъи, цIех-рехал

# Гьалбал хирияб ракь



Гьаб анкьалда жаниб районалде бачIун букIана Россиялъул М. В. Ломоносовасул цIаралда бугеб МГУялъул географическияб факультеталъул, экономикаялъул ва социалияб географиялъул кафедраялъул студенталгун преподавателазул группа. Гьез экспедиционниябгун цIех-рехазул хIалтIаби гьаризе руго Дагъистаналда. ЦIех-рехазул тема буго: «Влияние географических факторов на формирование специализации районов Республики Дагестан»,-абураб.

Районалъул администрациялъул вакилзабаз лъикIаб дандчIвай гьабуна гьезда. Гьалбал щвана гендерил башнялде, «АхIулгохI» мемориалияб комплексалде, ралагьана Рихьуни хIоралъухъ.

Гьединго преподавателазул ва студентазул группа щвана ансадерил махщелчи М-ГI. МухIамадгIалиевасул художественниял тIагIелал гьарулеб мастерскаялде. Гьес гьалбадерида бихьизабуна ансадерил къавуда тIад гIарац бекьулеб куц. КIудияб асар гьабуна гьалбадерие гьелъ, ракIалде щвеялъе росана гьесухъа тIагIелал.

Унсоколо росулъ гьалбал къабул гьаруна миллиял квеналги цере лъун.

# Туризмалъе ресал гIуцIизе

Араб анкьалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас данделъи тIобитIана 2020-2025 соназда «Районалда туризм ва рекреационнияб комплекс цебетIезабиялъе, гьединго халкъиябгун художественнияб промыслаби цIуниялъе муниципалияб программа хIадуриялъул суал гьоркьоб лъун. Жиндирго кIалъаялда бетIерас тIадчIей гьабуна хадубккун туризм лъугьине кколин районалъул экономикаялда бищунго цебетIураб ва пайда кьолеб бутIалъун, гьеб пайдаяб куцалда гIуцIизе районалда ресалги ругин. Гьелда тIадеги районалда компетентниял гIадамалги гьоркьоре рачун гIуцIизе руго хIалтIулал группаби. Гьелда гьоркьоре уна предпринимателал ва общественниял экспертал,-абун.



Туризмалъул суал гьоркьоб лъураб данделъиялде ахIун рукIана маркетинкалъул ва стратегическияб церетIеялъул специалистал Пашаев Маир Эминбекович ва территориалиял церетIеялъул, гьединго бизнес планированиялъул специалист Матиенко Игорь Вячеславович. Гьез хIалтIулаб группаялъе семинар гьабуна районалда туризм цебетIезабиялъе гьабулеб программаялъулаб проект гьабиялъе.

Хадур бакIазде ун балагьана туристлъиялъулал объектал рагьизе ругел площадкабазухъ, туристазул объектазухъ, гьединго щвана Унсоколо художественнияб фабрикалде.

Божизе захIматаб, амма…

# Крысаялъул кашемир

Дол багьа цIикIкIарал кашемиралъул кофтаби, джемперал гьанже Китаялъ гьарулел руго альтернативияб къагIидаялъ учузаб материалалъул, ай крысаялъул шкураялъул. Рималда рахьарал Китаялъул компаниязул къайиялъулъ батана акулалъул, висказалъул, крысаялъул расазул ва цогидалги хIайваназул жуба-гъубарал жал.




Экспертаз абулеб буго; тIолабго дунялалда гIолеб гьечIин цIани, гьединаб кашемиралъул къавул къуват букIине ккани,-абун. Бихьулеб букIахъе гьабзаманалда гьединаб къайи тукабахъги базараздаги гIемерлъун буго.

Кин бугониги къавул подделка батизеги цIакъ захIмат буго. Киса-кирего улкабазда наменклатураялъул къавул хал гьабулеб гьечIо.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 02. 4. 20 г. 16. 20
фактически -18.2 0 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.